



# Sesyon Enfòmasyon pou Paran Elèv Lekòl Mwayen

Copyright 2025 by School District of Palm Beach County, Department of Multicultural Education





# AJANDA

---

- **Prezans**
- **Kominikasyon & *SIS Gateway***
- **Egzamen nan tout Eta Florid**
- **Estrateji pou Pran Tès**
- **Pwomosyon ak Nòt nan Lekòl Mwayen**
- **Kanè Lekòl Segondè**
- **Resous pou Elèv k ap Aprann Lang Anglè (ELL)**
- **Sante Mantal ak Byennèt**



**YOUR  
BEST  
CHOICE!**

THE SCHOOL DISTRICT  
OF PALM BEACH COUNTY

# Règleman ak Pwosedir Prezans/Absans pou Elèv Lekòl Mwayen

- Elèv Lekòl Mwayen yo dwe prezans pou yon minimòm 90 pousan nan tan klas la pou yo jwenn yon nòt pasaj nan yon kou lekòl mwayen.
- Elèv ki absans plis pase 10 pousan nan lè klas la kapab jwenn yon nòt pase lè yo demontre metriz nan sa yo:
  - Jwenn yon nòt minimòm "D" pou trimès la, epi
    - Pase evalyasyon trimistriyèl avèk yon nòt minimòm "D".
- Elèv ki demontre metriz avèk siksè ap resevwa nòt li te fè a epi yo p ap konte evalyasyon peryòd la nan nòt la. Elèv ki pa montre metriz pral resevwa yon "F" pou trimès la.

**REMAK:** *Elèv ki pa gen yon nòt minimòm "D" pou trimès la kapab demontre metriz lè li pase evalyasyon trimestriyèl la ak yon nòt minimòm 70% jan yo endike nan seksyon Opsyon pou Ratrape nan Elèv Lekòl Mwayen. Elèv ki demontre metriz avèk siksè atravè evalyasyon trimestriyèl la pral jwenn yon nòt D pou peryòd nòt sa a. Règleman prezans/absans nan lekòl segondè a aplike lè yon elèv nan lekòl mwayen enskri nan yon kou kredi nan lekòl segondè.*



## Kominikasyon nan DE (2) Sans

Kominikasyon ant fanmi ak lekòl nesesè pou reyisit elèv. Elèv bay meyè randman akademik lè paran yo jwe yon wòl aktif nan edikasyon pitit yo. Opòtinite pou kominikasyon nan de (2) sans enkli:

- Konferans paran
- Jounal kotidyen elèv/verifikasyon katab chak semèn oswa chak mwa
- Òganizasyon paran-pwofesè oswa konsèy kominotè lekòl
- Apèl telefònik
- Imèl oswa sit entènèt lekòl la
- Asire w tcheke nòt pitit ou a ak pwogrè li nan Sistèm Enfòmasyon Elèv la (*SIS*) Gateway





# SIS GATEWAY

## Sistèm Enfòmasyon sou Elèv (SIS ann anglè)

**REGISTER FOR SIS GATEWAY**

- GO TO YOUR SCHOOL'S WEBSITE
- SEARCH UNDER THE PARENTS TAB
- CLICK ON SIS GATEWAY
  - ENTER: STUDENT ID
  - STUDENT'S BIRTHDATE
  - PIN (ON LETTER YOU RECEIVED)

QUESTIONS?... CONTACT YOUR SCHOOL'S SIS GATEWAY MANAGER

**DOWNLOAD THE SIS GATEWAY APP**

RECEIVE REAL-TIME NOTIFICATIONS OF GRADES, ATTENDANCE, UPCOMING ASSIGNMENTS, TEST SCORES, AND MORE.

- Jwenn orè, devwa, rapò evalyasyon, nòt, ak prezans/absans
- Voye imèl bay pwofesè yo
- Elèv yo genyen aksè nan *SIS Gateway* atravè senbòl ki disponib sou paj dakèy Distri a pou elèv yo
- Paran yo enskri sou *SIS Gateway* pou genyen yon kont nan sèvi avèk yon adrès imel aktif ak yon kòd aktivasyon lekòl la bay yo
- Yo ankouraje paran yo pou revize enfòmasyon pitit yo sou *SIS Gateway* yon fason regilye pou anpeche ti pwoblèm akademik yo vin tounen gwo pwoblèm.



**YOUR BEST CHOICE!**

THE SCHOOL DISTRICT OF PALM BEACH COUNTY

## Orè Evalyasyon Ivè nan tout Eta a pou Elèv Lekòl Mwayen

March 31–April 11, 2025	<b>Writing</b> Grades 4–10
April 14–May 30, 2025	<b>FAST PM3</b> Grades K–2 FAST Reading & Mathematics
May 1–30, 2025	<b>FAST PM3</b> Grades 3–10 FAST ELA Reading Grades 3–8 FAST Mathematics
	<b>Statewide Science Assessment</b> Grades 5 & 8 Science
	<b>EOC Assessments</b> Algebra 1, Geometry, Biology 1, Civics, U.S. History
	<b>FAST Retake</b> Grade 10 ELA Reading Retake



# Fason Pou Ede Pitit Ou a Prepare pou Egzamen nan Tout Eta a

## Anvan tè la

- Revize enfòmasyon yo te voye lakay ou konsènan orè tè la ak fason pou ede prepare pitit ou a pou tè la.
- Ede pitit ou a nan matyè ki difisil nan fè plis pratik.
- Pale ak pwofesè pitit ou a si w gen enkyetid konsènan tè la oswa sitiasyon egzamen an.

## Nan jou Tès la

- Asire w pitit ou a byen dòmi epi li manje yon bon dejene.
- Asire w pitit ou a prepare ak materyèl ki nesèsè yo, pa egzanj kreyon, gòm, kalkilatri.
- Rete pozitif ak kalm pou redui estrès tè la.

## Aprè Tès la

- Pale ak pwofesè pitit ou a si w gen kesyon sou rezilta tè yo.
- Revize tè yo ak pitit ou a, sitou nenpòt pati li pa t konprann.

## Fè sa yo Chak Jou

- Ede ak devwadmezon.
- Ede devlope bon abitud etid, teknik nan kapasite pou reflechi, ak atitud pozitif pou edikasyon.
- Garanti bon prezans.
- Kominike ak pwofesè yo.
- Ankouraje lekti pou ogmante vokabilè.



# Kondisyon pou Pwomosyon nan Lekòl Mwayen

Pou yon elèv soti nan klas mwayen rive nan lekòl segondè, li dwe konplete avèk siksè kou sa yo:

- Twa kou mwayen oswa pi wo\* nan kominikasyon oral/ekri.
- Twa kou mwayen oswa pi wo\* nan matematik.
- Twa kou mwayen oswa pi wo\* nan syans.
- Twa kou mwayen oswa pi wo\* nan syans sosyal.
  - Youn nan kou syans sosyal sa yo dwe Sivik.
  - Gen yon egzamen final kou konvansyonèl nan tout eta a pou Sivik elèv yo dwe pran epi k ap konsidere kòm 30% nòt elèv la pou klas la.

*\*Li kapab gen ladan kou lekòl segondè pou kredi lekòl segondè.*

Yo jwenn egzijans legal pou edikasyon fizik (yon semès chak ane) nan seksyon 1003.455, Lwa Laflorid yo.



THE SCHOOL DISTRICT  
OF PALM BEACH COUNTY





## Jan yo Bay Nòt nan Lekòl Mwayen

- Yo detèmine nòt peryòd yo avèk plizyè mezi, ki enkli devwa nan klas, devwadmezon, egzamen, tè, ak/oswa kwiz.
- Kalkil nòt final yo:
  - Kou pandan tout ane = Mwayèn nòt nan chak kat peryòd nòt nèf semèn yo
  - Kou pandan tout semès = Mwayèn nòt de (2) peryòd nòt yo
  - Kou ak yon evalyasyon fen kou (ann Anglè EOC), tankou Sivik = Mwayèn kat peryòd nòt konte kòm 70% ak Sivik EOC kòm 30%
  - Elèv yo dwe genyen 4 "Pwen Kalite" pou chak domèn nan fen kou a.
    - A = 4 pwen kalite (eksepsyonèl)
    - B = 3 Pwen Kalite (Pi wo pase Mwayèn)
    - C = 2 pwen kalite (Mwayèn)
    - D = 1 Pwen (pi ba nivo ki akseptab)
    - F = 0 Points (Echèk)

*\* Kou ratrapaj se yon opsyon pou elèv ki fè yon F nan yon peryòd nòt nan yon kou lekòl mwayen nan kominikasyon oral/ekri, matematik, syans, ak/oswa syans sosyal.*





# Kanè Klas Segondè

Nou kapab wè nòt yo, kanè yo ak enfòmasyon adisyonèl nan pòtal elèv yo ak sou *SIS Parent Gateway*

Peryòd	Distribisyon Kanè
3 <sup>yèm</sup> Trimès 07/01/25 - 21/03/25	7 avril, 2025
4 <sup>yèm</sup> Trimès 01/04/25 – 30/5/25	TBD/Y ap anonse l








**YOUR  
BEST  
CHOICE!**

THE SCHOOL DISTRICT  
OF PALM BEACH COUNTY

# Sipò ak Resous pou Elèv k ap Aprann Anglè (ELL)

*Yo ofri sèvis apwopriye pou tout elèv ELL, baze sou konpetans nan langaj chak elèv daprè yon plan Endividyèl ELL.*

- Sipò pou lang ki enkli nan leson yo, baze nan lekòl la.
- Kolaborasyon ak pwofesè ESOL yo, Fasilitatè Lang Kominotè (ann Anglè CLFs), ak pwofesè klas yo asire elèv yo resevwa akomodasyon ak konpetans ki vize selon Plan ELL yo.
- Lekti ak ekri ak pratik nan lang ki baze sou teknoloji sou entènèt.
- Aksè nan Glosè Mo-pou-Mo.
- Elèv yo kapab jwenn aksè nan divès kalite aktivite aprantisaj anba la a, sou entènèt le yo konekte nan pòtay yo.



# Sante Mantal Jèn

*Sante mantal se kapasite nou pou nou viv byen, angaje ak lòt moun, ak relve defi. Rekonèt siy enkyetid emosyonèl oswa konpòtmantal yo kapab ede w detèmine ki lè pou n chèche èd pou pitit ou a kapab atenn tout potansyèl li.*



Copyright 2025 by School District of Palm Beach County, Department of Multicultural Education



THE SCHOOL DISTRICT  
OF PALM BEACH COUNTY



## Resous pou Byennèt

***Sipòte timoun nan tout domèn mande yon apwòch ann ekip. Sipòte emosyonèl ak pou konpòtman pwomouvwa ranman akademik, sante mantal, ak byennèt sosyal-emosyonèl.***

- Pwofesyonèl ki byen antrene epi ki kalifye tankou Konseye Lekòl yo, Sikològ Lekòl, ak Pwofesyonèl Sante Konpòtmantal Lekòl, yo resevwa fòmasyon nan sante mantal jèn yo pou rekonèt premye siy maladi mantal ak detrès.
- Pwofesyonèl sante mantal ak terapèst ajans ki baze nan kominote a bay entèvansyon terapetik. Yo egzije konsantman paran yo obligatwa anvan pitit ou a resevwa sipò terapetik kontinyèl.
- Fasilitatè Sèvis Sosyal yo sipòte elèv ki gen yon kriz sante mantal epi yo kolabore ak ajans ki genyen Akò sou Sante Konpòtmantal.
- Lè w gen pwoblèm konsènan sante mantal, kontakte yon Konseye Lekòl la, Sikològ Lekòl la, oswa Pwofesyonèl Sante Konpòtman nan Lekòl ou a ki kapab konekte w ak resous lekòl ak kominotè. Pedyat pitit ou a tou kapab bay yon rekòmandasyon pou wè yon pwofesyonèl sante mantal.

***Li OK pou OK. Li OK pou pa OK. Li OK pou mande èd.***





EDUCATE • AFFIRM • INSPIRE

# Kesyon . . .

---



**CATCH  
THE  
WAVE**

The Department of Multicultural Education Haitian Creole Translation Team certifies that this is a true and faithful translation of the original document. (561) 434-8620 – January 2025 – CY25-1013

Copyright 2025 by School District of Palm Beach County, Department of Multicultural Education



**YOUR  
BEST  
CHOICE!**

THE SCHOOL DISTRICT  
OF PALM BEACH COUNTY

High-performing A-rated District